

## RAPÈL

POU: Prezidan an ak Manm yo  
Komite Lekòl Boston

DE: Dr. Brenda Cassellius  
Direktè

DAT: 26 me 2021

OBJÈ: Chwa lekòl pou ane lekòl 2021-2022

Objektif rapèl sa a se pou mande nou fè yon referandòm konsènan patisipasyon Boston Public Schools nan chwa pwogram eskolè pou ane 2021-2022 ki ta dwe planifye pou Mèkredi 26 me 2021. Referandòm nan ta dwe fèt anvan reyinyon Komite lekòl la.

Jan sa parèt nan dokiman ki atache a, Lwa sou Refòm edikatif 1993 la amande lwa chwa lekòl Massachusetts la ki vle fè konprann pou chak Komite lekòl ta aksepte moun ki pa rezidan nan Pwogram Chwa a sof si gen yon vòt nan dat premye jen nan ane a ki ta di lekòl. Lwa sa a mande pou gen yon referandòm ki fèt ak yon rezolisyon ki pran pou di rezon ki fè yo retire yon lekòl nan egzijans chwa lekòl la jan nou di sa kòm yon pati nan rezolisyon an ki di yo patisipe.

Rezon ki fè nou ta renmen konsidere desizyon konsènan èske Boston Public Schools ta dwe patisipe nan Chwa lekòl la pou ane eskolè 2021-2022 a baze sou 1) pwoblèm asiyasyon elèv yo, 2) Espas yo ki limite, 3) Depans yo ak 4) Desizyon komite lekòl ki nan kominote lekòl ki ozalantou yo.

### 1. Pwoblèm asiyasyon elèv yo

Pou kounya, nou te pwojete yon asiyasyon ki gen 52 280 pou ane lekòl 2021-2022 a. Aktyèlman, gen anviwon 51 412 elèv ki asiyen nan Boston Public Schools. Asiyasyon elèv ki pa rezidan nan Boston Public School gen enplikasyon sa yo ladan l:

- Istorikman, pandan mwa jiyè, out ak kòmansman septanm, yon pakèt elèv ki se rezidan nan Boston kontinye ap chèche asiyasyon lekòl. Nou mande pou yo asiyen rezidan sa yo.
- Asiyasyon elèv ki pa rezidan nan Boston Public Schools pa ta dwe gen priyorite sou elèv rezidan ki, jan nou te di sa pi wo a, kontinye ap enskri pou asiyasyon lekòl jis nan kòmansman oktòb.

### 2. Pwoblèm Espas

Gen yon kantite plas BPS pa ka kite pou elèv ki pa rezidan nan kèk lekòl oswa pwogram espesifik pandan pwosesis enskripsyon/aplikasyon yo. Elèv ki rezidan yo ranpli yon aplikasyon e yo bay atestasyon rezidans yo pou n ka asiyen yo yon lekòl. Nou gen obligasyon pou n bay rezidan ki nan vil la plas.



Gen kèk lekòl ak pwogram popilè ki gen twòp rezidan Boston ki chwazi yo. Nou panse elèv ki pa rezide nan Boston yo gen anpil chans pou yo chèche plas nan pwogram ki pi popilè nou yo, sa ki ka lakoz li enposib pou anpil nan rezidan boston yo jwenn plas. Nou prevwa rezidan Boston yo ap deja ranpli pwogram sa yo.

### 3. Pwoblèm Depans

Sa tap mande depans ki pa nan Bidjè a pou n ka bay sila ki pa rezide nan Boston yo materyèl. Pwogram espesyalize yo, tankou edikasyon espesyal (ki pratikman separe) ak pwogram pou Aprenan Lang Anglè yo gen dimansyon klas pa yo e yo bezwen staf pa yo. Non-rezidan ki enskri pou sèvis espesyal yo tap oblije resevwa menm sèvis ak rezidan yo. Piske kominote ki nan vwazinaj yo manke sèvis ak pwogram pou elèv ki bezwen pwogram espesyal yo, si nou pa reyisi pa patisipe nan chwa lekòl yo sa ka lakoz yon gwo kantite elèv nan lòt kominote yo antre, sa ki t ap mande pou yo jwenn plas nan pwogram espesyalize yo e sa tap mande pou n fè depans ki pa nan bidjè a.

### 4. Desizyon Kominote lekòl ozalantou yo

Pandan ane lekòl 2020-2021 an, 151 distri eskolè, sa gen ladan l Boston, pat patisipe nan Pwogram Chwa a. Pa gen youn nan kominote ki ozalantou Boston yo ki te patisipe Nou atann y ap kontinye mande pou yo pa patisipe pou ane lekòl 2021-2022 a. Lefètke kominote vwazen sa yo pap patisipe nan Plan Chwa Lekòl la sa vle di elèv Boston yo pap ka transfere nan sistèm lekòl ki pi pre yo, ni pou n ta kite plas pou elèv ki pa rezidan nan Boston Schools

### 5. Rekòmandasyon

Selon asiyasyon aktyèl nan Boston Public Schools yo, mwen rekòmande pou Komite Lekòl la vote pou retire nou nan patisipasyon Pwogram chwa nan Eta a pou ane lekòl 2021-2022 a. Mwen rekòmande pou komite Lekòl la fè vòt sa nan reyinyon Komite k ap fèt 26 Me 2021 an.

Nan dokiman ki atache yo w ap jwenn opinyon Konsèy Depatman Edikasyon an sou Pwogram chwa lekòl la ak yon kopi lwa Eta a konsènan chwa lekòl. Mèsi pou konsiderasyon w bay pwoblèm sa a.

Dokiman atache